**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ТАРИХ ҲӘМ ҲУҚЫҚ ФАКУЛЬТЕТИ**

**ПУҚАРАЛЫҚ ҲӘМ ХОЖАЛЫҚ ҲУҚЫҚЫ**

# КУРС ЖУМЫСЫ

**ТЕМА: ПАТЕНТКЕ БОЛҒАН ҲУҚЫҚ ҲӘМ ЖЕКЕ ҲУҚЫҚЛАР**

**Орынлаған** **3-курс студенти Б.Турдыбаев**

Нөкис-2013.

## М А З М У Н Ы :

**КИРИСИЎ**

**1. Пуқаралық ҳуқықында патентке болған ҳуқық енгизилетуғын интеллектуал мүлк объектлери**

**2. Патентке болған ҳуқық ҳәм жеке ҳуқықлар**

**3. Санаат меншигине болған патентлик ҳуқық ҳәм оның ҳуқықый сыпатламасы**

**4. Патентке болған ҳуқықты басқа шахсларға өткериў тәртиби**

**5. Селекция жетискеншиликлерин ҳуқықый қорғаў**

**6. Селекционерлердиң жеке ҳәм мүлкий ҳуқықлары**

**ЖУЎМАҚЛАЎ**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ**

# К И Р И С И Ў

Бәршемизге белгили, жаңа үш мыңыншы жыллықта инсаният ойлаўы, илим ҳәм техниканың жедел пәт пенен алға илгерилеўи раўажланыўдың әҳмийетли факторы сыпатында интеллектуал мулк, оның қәдир-қымбаты ҳәм жәмийет турмысындағы тутқан орны кескин артыўыны тийкар жаратты.

Бул бағдарда, республикамызда экономикалық ҳәм ҳуқықый тийкарларды еле де беккемлеў бойынша бир қанша жумысларды алып барыўға үлкен итибар қаратыўды талап етеди. Себеби, Президентимиз И.А.Каримов атап өткениндей, "елимизде өткен жыллар даўамында базар экономикасы тараўындағы өзгерислердиң исенимли нызамшыдық базасын қәлиплестириў бойынша әмелге асырылған үлкен жумыслар ҳеш кимге сыр емес, әлбетте. Булардың барлығын атап өткен ҳалда әмелдеги нызамларымыздың көпшилигин оларды қолланыў әмелияты ҳәм мәмлекетимизде базар қатнасықлары раўажланыўының ҳәзирги дәўирдеги жаңа реал ҳалатынан келип шығып сезилерли түризде қайта көрип шығыў керек"[1].

Бүгинги күнде экономикалық қатнасықларды раўажландырыў ҳәм турақластырыў процессиндеги тийкарғы факторлардың бири сыпатында интеллектуал мулк объектлериниң орны ҳәм ўазыйпасы зәрүр әҳмийетке ийе болып бармақта.

Интеллектуал искерлик нәтийжелериниң пуқаралық айланысына тартылыўы да мине усындай ҳуқықый тәртипке салыўдың анық ҳәм дурыс механизмлерин жаратыўды, соның ишинде жаратылған интеллектуал мүлк объектилерине қарата патент ийелериниң ҳуқық ҳәм нызамлы мәплерин қорғаў актуал мәселелердиң бирине айланбақта.

Себеби, бүгинги күнде республикамызда усы тараўда бир қанша нызам ҳәм нызам асты норматив ҳүжжетлери қабыл етилген. Лекин кескин тәризде раўажланып баратырған экономикалық ҳәм социаллық қатнасықлар, әсиресе,

---

[1] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси. // "Халқ сўзи", 2010 йил 13 ноябрь (№ 220).

пуқаралық айланысында жүзеге келип атырған интеллектуал мүлк объектлери менен байланыслы қатнасықлар, интеллектуал мүлктиң жаңа объектлериниң пуқаралық айланысына кирип келиўи усы патент тараўындағы тараў нызамшылығын жетилистириў, олардың мазмунында патент ийелериниң ҳуқықлары ҳәм мәплерин еледе толығырақ сәўлелендириў яки жаңа редакцияда қабыл етиў ямаса усы нызамшылықты әмелиятқа сәйкеслендириў механизмлерин ислеп шығыўды талап етеди.

Дүньяның жетекши мәмлекетлеринде интеллектуал мүлк ең қымбат баҳалы мүлк сыпатында тән алынады. Материаллық ҳәм ислеп шығарыў ресурслары сыяқлы интеллектуал мүлкти де ислеп шығарыў ўақтында есапқа алыў, интеллектуал мүлк объектлерине қарата патент ийелериниң ҳуқықлары бир қатар нызамлар менен кепиллестириледи.

Соның менен бирге, интеллектуал мүлк ийелерине өз патент ҳуқықларын абсалют ҳуқық сыпатында ҳәр кимнен ҳәм ҳәр қандай ҳалатта талап етиў, олардың өз интеллектуал мүлкке қарата ис-ҳәрекетлери ақыбетлерин қамсызландыры мәселелери тиккелей сол мәмлекетлердиң тараў нызамшылығында кеңнен белгиленип қойылады.

Мәмлекетимизде де патент ийелериниң ҳуқық ҳәм нызамлы мәплерин еледе толығырақ қорғаў, оларды кепиллестириўдиң ең әҳмийетли факторлары есапланған интеллектуал искерлик нәтийделерин баҳалаў, интеллектуал мүлкти де өним ислеп шығарыўда есапқа алыў, алды-сатды қатнасықлары объекти сыпатында интеллектуал мүдлк объектлерин сатыў, оларды белгили бир юридикалық шахстың устав капиталына киритиў, гиреўге яки исенимли басқарыўға тапсырыў, соның менен бирге, интеллектуал искерлик нәтийжелерин баҳалаў, исбилерменлик искерлигинде шәртнама предмети сыпатында интеллектуал мүлк объектлерине қарата патентлик ҳуқықлардың көринислери ҳәм өзине тән өзгешеликлерин анықлаў, хожалық жәмийетлери ҳәм ширкетлери уставында интеллектуал мүлк объектлерине болған патентлик ҳуқықларды үлес сыпатында тартыўдың ҳуқықый тийкарларын ислеп шығыў мәселелери де бүгинги күн

пуқаралық нызамшылығы, оны әмелиятқа қолланыў менен байланыслы ҳалда актуал әҳмийетке ийе болып есапланады.

Усы тийкарда бул питкериў жумысының мазмуны ҳәм режеси де жоқарыда белгиленген ҳалатларды есапқа ала отырып, белгилеп алынады.

Жумыс кирисиў, төрт параграф, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен ибарат болып, оның кирисиў бөлиминде теманың актуаллығы, соның ишинде, патент, патент ҳуқықы, патентке болған ҳуқықлар ҳәм жеке ҳуқықлардың әмелдеги пукаралық нызамшылығы менен белгиленген нормаларының қай тәризде сәўлеленгенлиги сыяқлы актуал мәселелердиң қысқаша шолыўы келтирип өтиледи.

Жумыстың биринши параграфинде пуқаралық ҳуқықы илиминде патент ҳуқықы енгизилетуғын интеллектуал мүлк объектлери түсиниги, оның тийкарғы белгилери ҳәм түрлери, интеллектуал мүлк объектлерине қарата белгиленетуғын патент ҳуқықлары ҳәм жеке ҳуқықлар системасы кең түрде белгилеп өтиледи.

Жумыстың екинши параграфинде патент ҳуқықы енгизилетуғын интеллектуал искерлик нәтийжелериниң айырым түрлери, соның ишинде санаат меншигине болған патентлик ҳуқықлар ҳәм олардың өзине тән өзгешеликлери талқыланады.

Жумыстың үшинши параграфинде жәрия етилмеген мағлыўматларға қарата ҳәм айырым интеллектуал искерлик нәтийжелери бойынша патентлик ҳуқықларға сыпатлама бериледи.

Жумыстың төртинши параграфинде патентке болған ҳуқық ҳәм жеке ҳуқықларды бузғанлық ушын пукәралық ҳуқықый жуўапкершилик шаралары, патент иейсиниң ҳуқықлары кепилликлерин бузғанлық ушын жүзеге келетуғын жуўапкершилик шәртлери үйрениледи.

Жумыстың жуўмақлаў бөлиминде болса таңланған темаға байланыслы автордың пикирлери, интеллектуал мүлк объектилерине қарата патентлик ҳуқықлар кепиллигин тәмийинлеўши нызамшылықты жетилистириўге қаратылған усынıслар келтирип өтиледи.

## 1. Пуқаралық ҳуқықында патентке болған ҳуқық енгизилетуғын интеллектуал мүлк объектлери

Пуқаралық ҳуқықында патент ҳәм оған тийкарланып белгиленетуғын, басқаша айтқанда патент ҳуқықы енгизилетуғын интеллектуал мүлк объектлери шеңбери бир қанша кең көлемге ийе есапланады.

Тийкарынан, интеллектуал мүлк объектлери пуқаралық ҳуқықтың айрықша өзине тән объекти болып есапланады, "Интеллект"-латынша сөз болып, "ақыл" мәнисин аңлатады[2].

Интеллектуал мүлк объектлери пухаралық ҳуқықтың басқа объектлери-затлар, баҳалы қағазлардан төмендеги өзгешеликлер бойынша айырылып турады:

а) көпшилик жағдайларда интеллектуал мүлк объектлери материаллық көринисте емес, ал идея, билим, мәлимлеме түринде көринис береди. Объективлик формада саўлеленген идея, билим материаллық алып жүриўшиде, материаллық көринисте: мысалы, сызылма, мәкет, аппарат, қурылмада жәмленген болыўы мүмкин. Бирақ бундай идея, билим, биринши, оның материаллық бирлиги мудамы екинши орында болады. Буларға қарата патентлик ҳуқықы интеллектуал мүлк ийесине бир қанша имканиятларды жаратып береди:

б) идея, билим түриндеги интеллектуал мүлк объектине әдеттеги материаллық затқа ийелик еткендей ийелик етиўи мүмкин емес. Соның ушын да патент интеллектуал мүлкке қарата ийелик етиў, оннан пайдаланыў яки оны бийлик етиў ҳуқықын бериўши қымбат баҳалы қағаз көринисинде сәўлеленеди;

в) соның менен бирге, усындай объектлерден бир ўақыттың өзинде шексиз көлемдеги шахслар пайдаланыўы мүмкин:

д) нызамларда белгиленген мүддетлердиң өтиўи менен интеллектуал мүлк ҳуқықы ийеси, яғный патент ийесининиң белгиленген интеллектуал мүлк жағдайлары объектине бола бийкар етиледи ҳәм бул объектлер улыўма

[2] Фуқаролик ҳуқуқи: Дарслик. Муаллифлар жамоаси. –Тошкент: ТДЮИ, 2009. – 461-б.

инсаный байлыққа айланып, ҳәрким оннан белгили бир шәртлер тийкарында (автордың шахсий ҳуқықларыда әмел ете отырып) бийпул ҳәм рухсатсыз пайдаланыўға ҳақылы болады:

Интеллектуал мүлк объектлерин патент тийкарында ҳуқықый қорғаў усы объектлерге бола субъектив ҳуқықлар ийеси ҳуқықларының нызамлы жақтан қорғаўын жүзеге келтириў тийкарларын өзинде сәўлелендиреди. Өйткени интеллектуал мүлк объекти өз-өзинен ҳуқықый қорғаўға алынбайды. Ал, бул объектке бола субъектив ҳуқықларға ийе болған шахслар ҳуқықый жақтан қорғалады.

Интеллектуал мүлк объектлерин патент тийкарында ҳуқықый қорғаўға алыў: олардың пайда болыўы факты тийкарында; ПК да ямаса басқа нызамларда нәзерде тутылған жағдайларда ҳәм тәртипте ўәкиллиги бар мәмлекет органы тәрепинен ҳуқықты қорғаў ҳүжжетиниң берилиўи тийкарында жүзеге келеди; жәрия етилмеген мәлимлемеге бола ҳуқықый қорғаў шәртлери нызам менен белгиленеди.

Интеллектуал объектлердиң төмендеги түрлери бойынша оларды ҳуқықый қорғаў, олардың пайда болыўы (жүзеге келиўи) факты тийкарында болады: илим, әдебият, көркем өнер шығармалары: ЭЕМ ушын бағдарламалар ҳәм мағлыўматлар базалары; атқарыўлар, атқарыўларды сахналастырыўы, еситтириў ҳәм көрсетиўлер; топологик ҳәм интеграл схемалар[3].

Бунда объект дөретиўши тәрепинен аўызеки, жазба, көринис түринде ямаса басқалар тәрепинен пәмлеў /қабыл етиў/ ушын имканият беретуғын басқа объективлик формада көринис бериўи менен дөретилген болады. Усы ўақыттан баслап, оған бола басқа шахсларда субъектив ҳуқықлар жүзеге келеди ҳәм ҳуқықый жақтан қорғалады. Усындай жағдайда объекттен үшинши шахслардың пайдаланыўы, объекттиң дизимнен өткерилиўи ямаса басқа да рәсмий көринислерге ийе болыўы талап етилмейди. Ҳәттеки, объект

---

[3] Варфоломеева Ю.А. Интеллектуальная собственность в условиях инновационного развития: Монография. –М.: Ось-89, 2006. –С. 21.

кейин ала дизимнен өткерилиўи тийислиги ҳаққындағы тәртип бар болса да (мысалы, ЭЕМ ушын бағдарламалар ҳәм мағлыўматлар базасы ушын мәмлекетлик дизим бар) усы жағдайлар олардың ҳуқықый жақтан қорғалыўына тәсир етпейди.

Бир қатар интеллектуал мүлк объектлерин ҳақықый жақтан қорғаў ПК да ямаса басқа нызамларда (мысалы: ойлап табыўшылық, пайдалы модель, көркем өнер үлгилери ҳаққындағы нызам, селекциялық жетискеншиликлер ҳаққындағы нызам ҳәм сол сыяқлылар) белгиленген тәртипте ўәкиллиги бар мәмлекетлик уйым тәрепинен ҳуқықый қорғалыўдың берилиўи арқалы әмелге асады[4]. Бул ушын интеллектуал мүлк объектине бола өз субъектив ҳуқықларын мойынланыўына ҳақылы болған мәплер пухара ямаса юридикалық шахс белгиленген тәртипте ўәкиллиги бар мәмлекетлик уйымға мүрәжәәт етиўи ҳәм өз талабын тийкарлаўшы ҳүжжетлерди усыныўы тийис.

Талап қанаатландырылған жағдайларда ўәкиллиги бар мәмлекетлик уйым пухара ямаса юридикалық шахсты интеллектуал мүлк объектине бола субъектив ҳуқықларының қорғалыўға алынғанлығын билдиириўши ҳүжжет (патент, гүўалық қағазы, есапқа алынғаны ҳаққында ҳүжжет) ҳуқыкый қорғаў жарлығы бериледи, ўәкиллиги бар мәмлекетлик уйым усындай талапты бийкарлаған жағдайда бул ҳаққында тийисли далийлленген қарар шығарады. Қарардың үстинен аппелияцион кенеске ямаса судқа нызамларда белгиленген тәртипте шағым етиўи мүмкин.

Буннан тысқары, интеллектуал мүлк объектлери бул объектлердиң қандай хызмет жемиси екенлиги, олардың ҳуқыйқый режими ҳәм сол сыяқлы өзегешеликлерине қарап төмендеги түрлерге бөлинеди, Мысалы: интеллектуал хызметтиң нәтийжелери.

Интеллектуал хызмет өз характерине бола, инсан хызметининең жоқарғы көриниси-дөретиўшилик хызмет болып табылады. Инсанның дөретиўшилик хызмети, усы хызметти әмелге асырыўдың усыл-кураллары,

---

[4] Оқюлов О. Интеллектуал мулк ҳуқуқий мақомининг назарий ва амалий муаммолари. -Тошкент: ТДЮИ. 2004. – 34-б.

хызмети жемисиниң өзгешеликлерине бола инсанның саналы хызметиниң басқа көриниси әдеттеги, күнделикли хызметтен бөлекленип турады.

Әдеттеги, кунделикли хызмет турақлы тәкирарланып турыўшы хызмет болып, онда хызметтиң өзи де, онда пайда болатуғын нәтийжелер де алдын ала белгили болады. Сол себепли де әдеттеги, күнделикли хызмет репродуктив хызмет болып есапланып, онда тайын ой-пикирлер формаль логика ямаса басқаша нызам-тәртиплер тийкарында қайтадан пайда болады. Дөретиўшилик хызмет (ақыл, ой) интеллектуал хызмет болып, оның нәтийжесинде илим, техника, әдебият ямаса көркем өнер саласында жаңа, дөретиўшилик еркин оңим жаратады[5].

Интеллектуал хызметтиң нәтийжелерине төмендегилер киреди: илим, әдебият, көркем өнер шығармалары, еситтириў шөлкемлериниң орынлаў атқарыўшылары, фонограммалары ҳәм еситтириў, көрсетиўлер:

Электрон есаплаў машиналары ушын бағдарламалар ҳәм мағлыўматлар базалары:

Ойлап табыўшылық, пайдалы модельлер, өнер үлгилери;

Селекцияның жетискеншиликлери;

жәрия етилмеген мәлимлеме, соның ишинде ислеп шығарыў қупыялары /ноу-хоу/.

пухаралық мүнәсибети, қәтнасыўшылардың товарлары, жумыслар ҳәм хызметлердиң жеке элементлерин саўлелендириўши қуралларға бола ҳуқықларға абсолют ҳуқықлар ҳаққындағы тәртиплер қолланылады. Пухаралық мүнәсибетлерде ҳәр қыйлы субъектлер қатнасады, усының менен бирге, мәлимлеме ҳәр қыйлы оңимлер ҳәм хызметлерде ҳәрекетте болады. Мине усындай жағдайда субъектлер, олар ислеп шығарған товарлар ҳәм көрсетилген хызметлер айрықша ажыралып туратуғын белгилерине ийе болыўлары шәрт, олай болмағана хәрқыйлы жаңылыслар, қыйыншылықлар жүзеге келиўи мүмкин.

---

[5] Ионас В.Л.Произведение творчества в гражданском праве. М., 1972, 9-10-бетлер

Мине усындай айрықша қаралып туратуғын белгилери пухаралық мамилеси қатнасыўшылырының өзлерин, оның ислеп шығарыў товарлары, орынлайтуғын жумыслары ҳәм қорсететуғын хызметлеринин жеке белгилери/ интеллектуал белгилерин/ сәўлелендириўши қураллар болып есапланады. Усындай арықша ажыралып туратуғын белгилердиң төмендеги түрлери бар: Фирманың атлары; товар хызмет көрсетиў/хызмет көрсетиў/ белгилери; товар шығаратуғын орнынын аты[6].

Белгили болғандай-ақ интеллектуал хызмет ең тез раўажланып баратырған динамикалық процесс болып есапланады. Жоқары пәтлер менен даўам етип атырған процесс нәтийжесинде интеллектуал хызметтиң жаңа өнимлери пайда болмақта. Мысалы, топограл ҳәм интеграл микросхемалар. Олар бар болған нызамларда нәзерде тутылмаған болса да оларға бола ПК ның 1081 статьясы 3-бәнтинде белгиленген тәртиплердиң мазмунынан келип шығып, интеллектуал мүлк ҳаққындағы тәртиплер қолланылады. Пухаралық мүнәсибет қатнасыўшыларының олар ислеп шығарып атырған товарлар, көрсететуғын хызметлердиң жаңа ажыратыў белгилери пайда болыўы мүмкин хәм усындай жағдай да оларға бола ПК ның 4 бөлимине тийисли тәртиплер қолланылады.

[6] Оқюлов О. Интеллектуал мулк ҳуқуқи: умумий қоидалар ва алоҳида объектлар. -Тошкент: ТДЮИ. 2003. – 22-б.

## 2. Патентке болған ҳуқық ҳәм жеке ҳуқықлар.

Патентке болған ҳуқықты ийелеў ҳуқықлардыў юридикалық тәғдирин балгилеўди аңлатады. Абсолют ҳуқық ийеси бул ҳуқық ларды жеке өзи әмелге асырыўы, басқа ҳәр қандай шахсларға толық ямаса бир бөлегин ҳақы төлеў есабынан (лицензия бериў, сатыў) ямаса бийпул (саўғаға бериў) өткериўге ҳақылы.

Патентке болған ҳуқык өз қурамына ҳәр қыйлы ҳуқыкларды жәмлейди. Усы ҳуқыклардың жәмлемеси патентке болған ҳуқыкты қурайды. ПК ның 1034 статьясында патентке болған ҳуқыклардың тийкарғы түрлери белгилеп қойылған болып, ол төмендегилерден турады:

а ) патент алыў ҳуқықы. Нызамның 9 статьясына муўапық тийкарынан төемндегилер санаат меншиги объектине ҳуқықый қорғаў жарлығын (патент) алыўға ҳақылы: санаат мүлк объектиниң авторы (бирликтеги авторлар) ямаса оның (олардың) мийрасхорлары[7].

Автор ямаса оның ҳуқықый мийрасхоры тәрепинен патент, дәслепки патент ямаса гүўалыққа байланыслы талапларда ямаса санаат меншиги объекти патент мекемесиниң дизиминен өткерилгенге шекем тапсырылған арзада көрсетилген физикалық ҳәм (ямаса) юридикалық шахсларға (олардың келисим шәрти менен) сол шығармаға бола патент алыў ҳуқықы төлемли ямаса бийпул ҳәр қандай шахсқа өткерилиўи мүмкин. Автор менен санаат меншиги объектин жаратыў шәртнама дүзген ҳәм шәртнама бойынша өз миннетлемелерин тийисли дәрежеде орынлаған буйыртпашы да усы тийкарға муўапық патент алыў ҳуқықын талап етеди.

Объект хызмет тапсырмасы бойынша жаратылғанда, автор ушын жумыс бериўшиге (ПК ның 1087 статьясында белгиленген) тийкарларда ҳәм тәртипте: а) патент алыў ҳуқықы мийрас бойынша өтеди; б) санаат меншиги объектине патент (гүўалық) берилиўин сораған талапнамаы дизимнен өткериўде келип шығатуғын ҳуқықлар. Патентлер алыўға болған ҳуқық

[7] “Муаллифлик ва турдош ҳуқуқлар тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 20.07.2006 й. Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2006 йил, 28-29-сон, 260-модда

патент мекемесине белгиленген тәртипте патент берилиўин сорап талапнама бериў (Нызамның 14, 22 статьялары) арқалы әмелге асырылады. Талапнама тапсырылып, ол патент мекемесинде дизимнен өткеннен кейин, талапнаманы тапсырған шахсқа тийисли ҳуқыклар (олардың арасында орайлық орынды өз атына патент алыў ҳуқықы ийелейди) басқа шахсларға толық ямаса бир бөлегин төлемли ямаса бийпул өткериў мүмкин. Усындай өткериў тийисли формада рәмийлестирилиўи керек; в) патентке ийелик ҳуқықы ең алды менен патент бойынша абсолют ҳуқықы  толық түринде өз ықтыяры, ерк-ықрары дәрежесинде услап турыў, сақлап турыў керек. Усы ҳуқықтың мазмуны нызамның 11 статьясында да белгилеп қойылған. Патентке ийелик ҳуқықы да толық ямаса бир бөлеги төлемли ямаса бийпул түринде басқа шахсларға өткерилиўи мүмкин. (ол тийисли тәртипте рәсмийлестирилиўи тийис) жазба түрде дүзилиўи ҳәм мәмлекетлик патент мекемесинен дизимнен өткерилиўи шәрт[8]; г) патенттен келип шығатуғын ҳуқықлар, яғный санаат меншиги объектинен өзи пайдаланыўы, басқалардың пайдаланыўына рухсат (лицензия) бериўи ҳәм басқалардың бул объекттен пайдаланыўын қадаған етиўи, лицензия ушын тийисли төлем алыўы, абсолют ҳуқықлардың бузылыўы нәтийжесинде жеткерилген зыянның (материаллық ҳәм руўхый зыянлардың) өтелиўин талап етиўи ҳәм сол сыяқлы ҳуқықлардан турады. Усы ҳуқықлар да басқа шахсларға толық ямаса бир бөлеги, төелмли ямаса бийпул өткерилиўи мүмкин.

Санаат меншиги объектин ойлап табыў, пайдалы модель, санаат үлгилери өз дөретиўшилик мийнети менен жеке өзи жаратқан физикалық шахс бул объекттиң авторы деп мойынланады.

Санаат меншиги объектине ҳуқықый қорғаў жарлығын бериў ҳаққындағы тапсырылған талапнаманы көрип шығыўдың қәлеген басқышында автор арза берип, санаат меншиги объектине өзинин атын ямаса арнаўлы ат бериў ҳуқықына ийе.

---

[8] “Ихтиролар, фойдали моделлар ва саноат намуналари тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг янги таҳрирдаги 29.08.2002 й. Қонуни. // “Халқ сўзи”, 211 (3039)-сон, 2002 йил 1 октябрь.

Ойлап табыў, пайдалы модель, санаат үлгилерине болған авторлық ҳуқықы ҳәм басқа жеке ҳуқықлар патентке тийкарланған ҳуқықлар пайда болған ўақыттан баслап әмелге асады. Нызамның 3-статьясына муўапық, патент тийкарында келип шығыўы абсолют ҳуқықлар объектиниң үстинликке ийе сәнесинен баслап күшке киреди. Өйткени, авторлық ҳуқықы ҳәм басқа жеке ҳуқықлар да сол ўақыттан баслап әмелге асады ҳәм патентке тийкарланған ҳуқықлардан айырмашылығы сонда ол мүддетсиз ҳәрекет етеди.

Ойлап табыў, пайдалы модель, санаат үлгилери авторына нызам ҳүжжетлери тийкарында арнаўлы ҳуқықлар, жеңилликлер ҳәм социаллық характердеги абзаллықлар берилиўи мүмкин.

ПК да басқа нызам ҳүжжетлеринде авторға тийисли төмендеги арнаўлы ҳуқықлар қорғаў бойынша нормативлер белгилеп қойылған:

а) объекттиң авторы сыпатында ҳуқықый қорғаў жарлығында белгилениўи ҳәм усы ҳуқықтың көпшилик тәрепинен тән алыныўы, әмелге асырылыўына байланыслы ҳуқық Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодексине муўапық авторлықты өзлестириў, бирликтеги авторлыққа мәжбүрлеўге қарсы жынайый жуўапкершилик белгиленген:

б) автордың санаат мүлк объектине ат бериў ҳуқықы;

в) санаат мүлк объектинен автор усы объектке бола абсолют ҳуқық ийесинен рухсат алмай ҳәм ҳақысын төлемей илимий изертлеў ҳәм жеке мақсетлерде пайланыўға ҳақылы:

г) патент (гуўалық) ийеси болмаған санаат меншиги объектиниң авторы усы объекттен ҳәм оған байланыслы лицензия сатылғанлығы ушын сыйлық алыўға ҳақылы. Оның муғдары, төлеў тәртиби жумыс бериўши, патент ийеси ямаса олардың ҳуқықый мийрасхорлары менен дүзилген шәртнама тийкарында белгиленеди.

Патент (гуўалық) ийеси оның әмел оның етиў мүддети даўамында авторына төмендегилердиң есабынан ҳақы төленеди: объекттен пайдаланыўдан келип түсетуғын пайда (дәрамат); объект тийкарында ислеп

шығарылған өним (орынланған жумыслар, көрсетилген хызмет) өзине түсер баҳасы; объект ушын берилген лицензия төлемлери.

Лицензия шәртнамасы бойынша сыйлық пулы лицензия шәртнамасында көрсетилген төлем валютасында төлениўи мүмкин (Нызамның 34 статьясы).

д) нызам ҳүжжетлеринде белгиленген жағдайларда ҳәм тәртипте санаат мүлки объектинин авторлары бирқатар жеңилликлер ҳәм абзаллықларға (штатлар қысқарғанда) жумыста қалыўға жеңиллик, дөретиўшилик демалысына шығыў ҳуқықы ҳәм басқалар) мәмлекетлик турақ-жай берилгенде қосымша турақ-жай нормасын алыў ҳуқықына ийе болыў, оларға мәмлекетлик сыйлықлар, илимий дәреже ҳәм ҳүрметли атақлар берилиўи мүмкин. Нызамның 15,17 статьяларында көрсетилгениндей, санаат меншиги объектине ҳуқықый қорғаў жарлығын бериў ҳаққындағы талапнамада объектти өз дөретиўшилик мийнети менен жаратқан шахс оның авторы сыпатында көрсетиледи. Бул жағдайдың керисиншеси (объект авторы, басқа шахс екенлиги) дәлийллеп берилмегенге шекем талапнамада объекттиң авторы сыпатында көрсетилген шахстың авторлық презумициясы әмел етеди. Авторлық ҳаққында даўагерлик болған жағдайда авторлық ҳуқықы берилместен бурын бар болған фактлар ҳәм жағдайлар (авторлық ҳуқықы даўагериниң объект бойынша илимий изертлеўлер алып барғанлығы, унамлы нәтийжелерге ерисилгени хәм басқалар) дәлийл тастыйықлаўлар сыпатында көрип шығылыў мүмкин. Ҳуқык берилгеннен кейинги пайда болған фактлер ҳәм жағдайлар авторлықты тастыйықлаўшы дәлийил сыпатында келтирилиўи мүмкин емес[9].

Егерде санаат меншиги объекти бирнеше физикалық шахстың биргеликтеги дөретиўшилик мийнети тийкарында жаратылған болып, олар арасында дүзилген шәртнамада басқаша тәртип нәзерде тутылмаған болса, олардың барлығы усы объекттиң тең ҳуқықлы бирликтеги авторлары деп тән алынады.

---

[9] “Муаллифлик ва турдош ҳуқуклар тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 20.07.2006 й. Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2006 йил, 28-29-сон, 260-модда

## 3. Санаат меншигине болған патентлик ҳуқық ҳәм оның ҳуқықый сыпатламасы

Санаат меншиги объектине болған ҳуқық-авторына (бирликтеги авторларға) ямаса оның (олардың) ҳуқықый мийрасхорларына тийисли болады. Және де ҳуқыкый қорғаў жарлығы )патент, гүўалық) менен тастыйықланады. Егерде бирнеше шахс бир биринен бийғәрез түринде санаат меншиги объектин дөреткен болса, ҳуқықый қорғаў жарлығы (патент, дәслепки патент, гүўалық) на болған ҳуқық патент мекемелерине биринши болып талапнама тапсырған шахсқа бериледи[10].

Дәслепки патент ҳәм гүўалық дәслепки экспертиза өткерилгеннен кейин, патент болса, объект әҳмийети бойынша экспертизадан өткерилгеннен кейин бериледи.

Ойлап табыўға берилген патент ойлап табыўдың жаңалығын, ойлап табыўшылық дәрежесин, патенттиң ҳақыйқыйлығы ҳәм патент ийесиниң ойлап табылғанға ийелик етиўи ҳәм оннан пайдаланыўына бола абсолют ҳуқықын тастыйықлайды.

Санаат үлгисине, пайдалы модельге берилген патент те тап усындай ўазыйпаларды атқарады.

Жарлық ийесиниң абсолют ҳуқықы усы жарлық (патент), гүўалық, дәслепки патент ҳаққындағы мағлыўматлар патент мекемесиниң рәсмий мағлыўматсинде дағазаланған сәнеден баслап, ҳақыйқый есапланады.

Үстинликке ийе болған сәнеден баслап, ойлап табыўға болған патент 20 жыл даўамында, санаат үлгисине болған патент он жыл даўамында өз күшинде болады.

Ойлап табыўға берилген дәслепки патент ҳәм пайдалы модельге берилген патент бес жыл даўамында өз күшинде болады.

---

[10] Раҳмонкулов Ҳ. Ўзбекистон Республикаси Фуқаролик кодексининг биринчи қисмига умумий тавсиф ва шарҳлар. –Тошкент: Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси, 1997. – 186-б.

Санаат үлгиси, пайдалы модель патенти, өз күшинде болыў мүддети патент ийесиниң өтинишине бола патент мекемеси тәрепинен тийисли рәўиште бес жылға ҳәм үш жылға созылыўы мүмкин.

Патент дәслепки патент бериў тәртиби нызамның 14, 26 статьяларында белгилеп қойылған.

Ҳуқық ийеси-патент пенен қорғалған ойлап табыў, пайдалы модель, санаат үлгилеринен өз қәлеўине бола пайдаланыў бойынша абсолют ҳуқыққа ийе. Усындай абсолют ҳуқық төмендеги қурам бөleклерден турады:

а) ҳуқықый қорғалған шешимлерди қоллана отырып, өним ислеп шығарыў, хызмет көрсетиў, жумыс орынлаў;

б) патент пенен қорғалған технологиялық процесслерди өзиниң ислеп шығарыўында қолланыў, енгизиў, иске асырыў;

в) қорғалған шешимге ийе болған өнимлерди сатыў ямаса сатыўға усыныс етиў;

г) мине усындай қорғалған шешимге ийе болған буйымларды импорт етиў.

Усы қурам бөleклер бир пүтин тутас ҳалда абсолют ҳуқық мүлкн қурайды. Усының менен бирге ҳуқықый қорғаў онын айырым бөleклерин ғана өз ишине алыўы мүмкин.

Мысалы, нефтьтен бензин алыў усылы. Бул усыл тийкарында ислеп шығарылған өнимниң өзи ҳуқықый қорғаў астында болмайы. Белгили болғанындай-ақ жарлық берилген шешим, өнимге бола абсолютлик ҳуқық ең кеминде Өзбекстан Республикасы аймағында өз күшинде болады. Өйткени, усындай өнимди Өзбекстан Республикасы аймағына алып кириў (импорт етиў) ҳуқықы да абсолютлик ҳуқық ийесине тийисли[11].

Басқа ҳәр қандай шахслар ойлап табыў, пайдалы модель ҳәм санаат үлгисинен патент ийесиниң рухсаты ямаса оның менен келисим тийкарында пайдаланыўлары тийис. Нызамның 12 статьясына муўапық төмендеги

[11] Пахоменко О., Мухаммаджанов А. Эффективное управление интеллектуальной собственностью - залог успешного развития предприятия. // Экономика и класс собственников. -2004. -№4. –С. 41.

жағдайларда патент ийеси абсолют ҳуқықты бузыўшы сыпатында мойынланбайды: Өзбекстан Республикасында қорғалып атырған санаат меншиги объектлеринде бар болған қурылмаларды Париж конвенциясы қатнасыўшысы болған басқа мәмлекеттиң транспорт қуралларында, усы қурал Өзбекстан Республикасы аймағында ўақытша ямаса тосыннан турып қалған ўақтында қолланыў - бул қурылмалардан тек ғана усы қуралдың зәрүрликлери ушын ғана пайдаланыў шәрти менен; ҳуқықый қорғаў жарлығын алған санаат меншиги объектлеринен қуралған қураллар үстинен илимий-изертлеў ямаса тәжирийбе өткериў; ҳуқықый қорғаў жарлығын алған санаат меншиги объектлеринен қуралған қураллар: тәбийий апатлар, катастрофа, эпидемия ҳәм басқа да айрықша жағдайларда қолланў; ҳуқықый қорғаў жарлығы берилген санаат меншиги объектлеринен қуралған қуралларды, егер де бул қураллар хожалық қатнасықларына нызамлы жол менен киргизилген болса, қолланыў; патентлер менен қорғалған санаат меншиги объектлеринен қуралған қуралларды дәрамат алмай, жеке мақсетлерге пайдаланыў, қолланыў; дәриханаларда врач рецепти бойынша бир мәртелик дәрилер таярлаў.

Нызамның 30 статьясында белгиленген жағдайларда, тәртипте ҳәм муғдарларда бурыннан пайдаланыўшы тәрепинен ҳуқықый қорғаныў жарлығын алған санаат меншиги объектлеринен пайдаланыў.

ПК ның 1034 статьясы "Ойлап табыўлар, пайдалы модельлер ҳәм жаңа санаат үлгилери ҳаққында"ғы Нызамның 11, 31 статьяларына муўапық санаат меншиги объектлерине бола абсолют ҳуқық ийеси усы объекттиң өзиниң қәлеўинше пайдаланыўға, басқалардың пайдаланыўына рухсат бериўге ямаса пайдаланыўды қәдаған етиўге ҳақылы.

Нызамлар басқа шахслар тәрепинен әмелге асыратуғын ҳәр қандай ҳәрекетлер абсолют ҳуқықы бузыў деп белгилейди[12].

---

[12] "Ихтиролар, фойдали моделлар ва саноат намуналари тўғрисида"ги Ўзбекистон Республикасининг янги таҳрирдаги 29.08.2002 й. Қонуни. // "Халқ сўзи", 211 (3039)-сон, 2002 йил 1 октябрь.

Егерде ҳуқықый қорғаў жарлығы берилген ойлап табылған зат, пайдалы модель ямаса санаат үлгилеринен абсолют ҳуқық ийесинен рухсат алмастан пайдаланған жағдайда: а) өним таярлаў; б) технологиялық процесслерди жолға қойыў, қоллаў; в) сырттан алып келиў (импорт); г) сатыўға усыныс етиў, сатыў; д) пуқаралық қатнасықларға басқаша бағдарда киргизиў (мысалы, ижараға бериў, саўға етиў ҳәм басқалар); е) төлемли ямаса төлемсиз пуқаралық қатнасықларға киргизиў мақсетинде сақлаў; ж) ойлап табыўшылық патенти менен қорғалып атырған усылды қолланыў ямаса ойлап табыў патенти менен қорғалып атырған усыл ғана таярланған өнимди пуқаралық мәмилеге киргизиў (сатыў, ижараға бериў ҳәм басқалар) ямаса усы мақсетте сақлаў ҳуқықый қорғаў жарлығының ийеси (патент ямаса гүўалық ийеси) абсолют ҳуқықларды бузыў болып табылады[13].

Патент (гуўалық) ийесиниң санаат меншиги объектинен үшинши шахслардың пайдаланыўына рухсат бериўи айрықша сәўлеленген болыўы ҳәм тийисли формада рәсмийлестирилген болыўы шәрт. Үшинши шахс тәрепинен абсолют ҳуқық ийеси көзабаға хабарландырыў факты рухсат алыўға кирмейди. Абсолют ҳуқық ийеси тәрепинен үшинши шахстың рухсат сорлған мүрәжәтине жуўап бермеўи де рухсат берилмегенлигин билдиреди. Абсолют ҳуқық ийесиниң рухсат бериўи оның ҳәрекетлеринде де көринип турыўы мүмкин. (Мысалы, ойлап табыў қурылмасын бериў). Усындай жағдайларда (рухсат алыў айқын түрде сәўлеленген болыўы керек )абсолют ҳуқық ийесинен (рухсат алыў айқын түрде сәўлеленген болыўы керек) абсалют ҳуқық ийесинен рухсат алынған деп есаплаў мүмкин (ПК ның 106 статьясына муўапық).

Абсалют ҳуқық ийесиниң ҳуқықларын бузыў тийисли пуқаралық ҳуқықый жуўапкершиликке себеп болады.

ПК да белгиленген тәртиплерге муўапық, абсолют ҳуқықты бузған деп есапланған шахс буның керисиншесин дәлийллеп бериўи шәрт (мысалы,

---

[13] Имомов Н. Селекция ютуқлари – савдо муносабатларининг объекти сифатида. // Бозор иқтисодиёти шаротида савдо муносабатларини ҳуқуқий таъминлаш муаммолари мавзусидаги илмий-амалий конференция материаллари тўплами. -Тошкент: ТДЮИ, 2004. -152-б

өним патентленген усыл менен таярланбағанлығы) ол бул жағдайды дәлийллеп бергенге шекем өним патентленген усылда таярланған деп есапланады. Усы ҳуқықый презумпция нызамның 29 статьясында толығы менен өз сәүлелениуйин тапқан. Оған муўапық, ойлап табыўдың, пайдалы ммодельдиң жеке бәнтине киргизилген ҳәр бир белгиси ямаса соғанусас формуладағы белги қолланылған болса, өним (зат) патент берилген ойлап табыў, пайдалы модельден пайдаланған жағдайда таярланған, ойлап табыў патенти менен қорғалған усыл болса, қолланылған деп есапланады.

Өнимди алыў усылында берилген патенттиң күши мине усы усыл жәрдеминде алынған өнимге бола да енгизилген. Онда буның керисиншесин тастыйықлаўшы дәлийллер болмаса, бул жаңа өним патент берилген усылда алынған деп есапланады.

Егерде өнимде патентленген санаат үлгисиниң борлық әҳмийетли белгилери болса, ол патент берилген санаат үлгисинен пайдаланған түринде таярланған деп мойынланады. Санаат меншиги объектиниң бирликтеги авторларының объект бойынша өз-ара қатнасықлары олар арасындағы өз-ара келисим тийкарында, усындай келисимге ерисилмеген жағдайда суд тәрепинен белгиленеди. Санаат меншиги объектин жаратыўда дөретиўшилик характерге ийе болған хызмет арқалы жәрдем берген, техникалық, шөлкемлестириў ямаса математикалық жәрдем бериў, ҳуқықлардың рәсмийлестирилиўине көмек бериў ҳәм басқалар бирликтеги авторлыққа тийкар болмайды.

Бирақ, олар нызамның 35 статьясына муўапық, санаат меншиги объектлерин жаратыў ҳәм олардан пайдаланыўда жәрдемлескен шахс сыпатында сыйлық алыўға ҳақылы. Төмендеги жағдайларда санаат меншиги объектине бола гүўалық алыў ҳуқықы объект авторы менен мийнет шәртнамасын (келисим, контракт) дүзген жумыс бериўшиге тийис болады: а) объект хызметкердиң өз хызмет миннетлемелерин орынлаў ўақтында жаратылған болса; б) объект хызметкер тәрепинен жумыс бериўшиниң айқын белгили бир хызмет тапсырмасын орынлаў нәтийжесинде жаратылған

болса; в) егерде бул ҳалат санаат меншиги объектиниң авторы менен жумыс бериўши арасындағы шәрнама (контрактта) нәзерде тутылған болса (егерде жоқарыдағы жағдайлардың бири бар болып, бирақ, объектив патент алыў ҳуқықы жумыс бериўшиге тийисли болыўы ҳаққында келисим болмаса, ол жағдайда патент алыў ҳуқықы автордың өзинде қалады).

Нызамда, сондай-ақ хызметкер кәрхананың кәсибине байланыслы техникалық билимлер жәрдеминде жаратылған санаат меншиги объектине патент алыў ҳуқықы да жумыс бериўшиге тийисли болыўы нәзерде тутылады (9-статья). Егерде жумыс бериўши санаат меншиги объекти жаратылғанлығы ҳаққында автор малимлеме берген сәнеден баслап, төрт ай даўамында патент мекемесине талапнама тапсырмаса, талапнама тапсырыў ҳуқықын басқа шахсқа өткермесе, автор өз атына патент алыў ҳуқықына ийе болады. Санаат меншиги объекти жумыс бериўши тәрепинен қупыя (ноу-хау) сыпатында сақланатуғын болса, автор арнаўлы ҳақы алыў ҳуқықына ийе.

Хызметкер тәрепинен жумыс тәртибинде санаат меншиги объекти жаратылғанда автор сыйлық пулы алыўға ҳақылы. Сыйлық пулының муғдары, төлем тәртиби, төлем шәртлери хызметкер менен жумыс бериўшиниң арасындағы келисим тийкарында белгилеп қойылады. Егерде тәреплер усындай келисимге ерисе алмаса, судқа мүрәжәәт етиўге ҳақылы. Ол жағдайда келисим шәртлери суд тәрепинен белгиленеди[14].

Әдетте, объект жаратыўда хызметкер өз дөретиўшилик мийнети менен, ал жумыс бериўши болса мийнет шараятын туўдырыў, тийисли әстема-үскене, әдебиятлар, мағлыўматлар менен тәмийинлеў арқалы қатнасады. Объекттен пайдаланыўда алынатуғын дәраматты бөлистириўде кимниң қатша үлес қосқанлығы анық есапқа алынады ҳәм соған салыстырмалы рәўиште пайдадан үлеси белгиленеди. Егерде объектти жаратыўда хызметкер ҳәм орынлаўшы қосқән үлеслерин анық белгилеўдиң имканияты болмаса, объекттен пайдаланыў ямаса лицензия бериў тийкарында жумыс бериўши алатуғын (алған) пайданың жартысы (50 проценти) авторға тийисли болады.

---

[14] Закиров И. Ўзбекистон Республикасининг фуқаролик ҳуқуқи. Дарслик. –Тошкент: ТДЮИ, 2009. – 65-б.

**4. Патентке болған ҳуқықты басқа шахсларға өткериў тәртиби.**

Санаат меншиги объектине берилген патент патентке болған ҳуқықты басқа шахсқа өткериў ҳаққындағы шәртнама төлемли ямаса бийпул екенлигинен бийғәрез жазба түрде дүзилиўи шәрт. Усындай шәртнаманы дүзиўде ПК ның 107 статьясында белгилеп қойылған келисимниң жазба түрдеги тәртиплерине әмел етиўи тийис.

Жазба түринде дүзилген шәртнама мәмлекетлик патент мекемесинде дизимнен өткерилиўи шәрт. Дизимнен өткериўге ўәкиллиги бар мәмлекетлик мекеме, ең алды менен шәртнама шәртлериниң нызамға муўапықлығы бойынша тексериўден өткереди. Нызамға қайшы болған шәртнамаларды өткериўден бас тартып, тәреплерге шәртнама шәртлерин нызамға муўапықластырыўды усыныс етеди. Улыўма тәртиплер бойынша шәртнамалардың дизимнен өткерилиўинде олар қаншелли мақсетке муўапықлығы көз қәрасынан баҳаланбайды (мәмлекет ҳәм жәмийет мәплерине билетура қайшы дүзилген шәртнамалар буған кирмейди). Шәртнама дизимнен өткерилгеннен кейин юридикалық күшке ийе болады.

Шәртнаманың жазба рәўиште дүзилиўине ямаса дизимнен өткериў талабына әмел етпеўи шәртнаманың ҳақыйқый емес деп табылыўына себеп болады. ПК ның 112 статьясына муўапық, усындай шәртнама өз өзинен ҳақыйқый емес деп табылады. Егерде шәртнама жазба раўиште дүзилген болса, бирақта тәреплердиң биреўи оны мәмлекетлик дизимнен өткерияден бас тартса, суд басқа тәрептиң талабы менен келисимди ПК ның 112 статьясы 3-бәнтине муўапық, дизимнен өткериўге ҳақылы. Шәртнаманы мәмлекетлик дизимнен өткериўден тийкарсыз бас тартқан тәреп шәртнаманы дүзиўди кешиктириўине байланыслы жеткерилген зыянды екинши тәреп төлеўи тийис. Шәртнама тәреплердиң усы талапларға әмел етпеўи ақыюетине бола ПК ның 113-114 статьяларында белгиленген тәртиплер қолланылады[15].

Абсолют ҳуқық ийеси тәрепинен санаат меншиги объектинен басқа шахсқа пайдаланыў ушын лицензия шәртнамасы ҳаққындағы келисими,

---

[15] Сергеев А.П. Право интеллектуальной собственности РФ. –М.: Проспект, 2000. – С. 42.

әлбетте жазба түринде дүзилиўи шәрт. Онда ПК ның 107 статьясы ҳәм 1037 статьясының талапларына әмел етиўи тийис. Усындай талап тийкарғы лицензия шәртнамасы ушын да, суб лицензия (қосымша лицензия түрлес ямаса екилемши лицензия) шәртнамасы ушын да тийисли. Жазба түринде дүзилген лицензия шәртнамасы мәмлекетлик патент мекемесинде дизимнен өткерилиўи шәрт. Онда шәртнама шәртлери нызамға муўапықлық көз қарасынан ҳәм айрықша жағдайларда мақсетке муўапықлық көз қарасынан баҳаланады. Дизимнен өткериў бийкар етилгенде тийисли тәртипте шағым жасаў мүмкин.

Лицензия шәртнамасы дизимнен өткерилгеннен кейин ғана юридикалық күшке ийе болады, тәреплерде шәртнама бойынша ҳуқық ҳәм миннетлемелер пайда болады. Егер лицензия шәртнамасы тәреплердиң биреўи тийкарсыз түрде шәртнаманы дизимнен өткериўден бас тартса, суд басқа тәрептиң талабы менен шәртнаманы дизимнен өткериў ҳаққында ПК ның 112 статьясы 3-бәнтине муўапық қарар шығарыўға ҳақылы. Шәртнаманы мәмлекетлик дизимнен өткериўден тийкарсыз бас тартқан тәреп шәртнаманы дүзиўди кешиктиргени ушын жеткерилген зыянды екинши тәрепке төлеўи тийис.

Лицензия шәртнамасын дүзиўде тәртиплер усы талапларға әмел өтпеўи шәртнаманың ПК ның 112 статьясы 1-бәнтине муўапық өз өзинен ҳақыйқый емеслигине себепши болады. Бул жерде жүз беретуғын ҳуқықый ақыбетлерге бола ПК ның 113 ҳәм 114 статьяларында белгиленген тәртиплер қолланылады. ПК ның 1090 статьясында санаат меншиги объектине бола ҳуқықый қорғаў ҳужжети-патент тийкарында ҳәрекет етиўши абсолют ҳуқықлардың бузғанлығы ушын жуўапкершилик шаралары белгиленген. Усы жуўапкершиликтиң келип шығыў тийкарында ПК ның 24 бабы статьяларында нәзерде тутылған тәртиплере жәмленген. Патент ийесиниң абсолют ҳуқықларын бузыў, ең алды менен қорғалып атырған объекттен басқа шахслар рухсатсыз пайдаланғанда жүз береди. Сол себеплиде патент ийеси биринши гезекте тәртип бузыўшыдан ҳуқық бузылыўы ҳәрекетлерин тоқтатыўын талап етиўге ҳақылы. Санаат меншиги объектине бола патент

ийесиниң ҳуқықларына болған тәртип бузыўшы патент ийесине жеткерилген зыянның орнын өтеўи шәрт. Зыян толық көлеминде төлениўи тийис. Жеткерилген зыян материаллық ямаса руўхый көринислерде болыўы мүмкин. Материаллық зыян патент ийеси тәрепинен санаат меншиги объектлеринен пайдаланыў тийкарында ислеп шығарылып атырған өним патнт ийеси ҳуқықларының бузылыўы ақыбетинде базарда өтпей қалыўы, баҳасының төменлеўи ҳәм сол сыяқлыларда көринис бериўи мүмкин. Усындай жағдай тек ғана өним шығарыўда ғана емес, ал хызмет дөретиў саласында да жүз бериўи мүмкин. Руўхый зыян патент ийеси ҳуқықларын бузыў нәтийжесинде оның кәсиплик абырайына, абсолют ҳуқық ийеси сыпатындағы ҳалатына зыян келиўде жүз береди. Усындай руўхый зыян пул менен өтелиўден тысқары, суд ҳуқықты бузған адамның жуўапкершилигине патент ийесиниң исбилерменлик дәрежесин қайта тиклеў мақсетинде суд қарарын өз есабынан дағазалаў миннетлемесин жүклеўи мүмкин[16].

Патент ийеси көрилген зыянның өтелиўи орнына тәртип бузыўшы тәрепинен патент ийесиниң ҳуқықларын бузыў нәтийжесинде (яғный қорғалған санаат меншиги объектлеринен рухсатсыз пайдаланыў арқалы) алған барлық дәраматларын өндирип алыўга ҳақылы. Усындай жағдайда патент ийеси зынның өтелиўин талап етиўге ҳақылы емес. Өйткени, зыянды қаплаў ямаса дәраматларды қайтарыў альтернатив жуўапкершилик илажлары есапланады, олардың қайсы бирин қолланыўды таңлаў ҳуқықы патент ийесине байланыслы. ПК ның 1041 статьясында абсолют ҳуқықты қорғаўдың төмендеги усыллары нәзерде тутылады:

-абсолют ҳуқықларды бузыўға жәрдемлескен материаллық объектлерди ҳәм усындай ҳуқық бузыўшылық тийкарында жаратылған өнимлерди алып қойыў;

-алып қойылған усы материаллық объектлер патент ийесиниң талабы бойынша ҳуқық бузыўшының есабынан жоқ етип жиберилиўи ямаса патнт ийесиниң ықтыярына берилиўи мүмкин.

---

[16] Сергеев А.П. Право интеллектуальной собственности РФ. –М.: Проспект, 2000. – С. 47.

## 5. Селекция жетискеншиликлерин ҳуқықый қорғаў

Селекция жетискеншиликлери (өсимликлердиң жаңа сортлары ҳәм ҳайўанлардың жаңа нәсиллери) илимий дөретиўшилик хызметтиң жемиси болып, интеллектуал меншик ҳуқықы объектлеринен есапланады. Селекция жетискеншиликлериниң дөретилиўи факты тийкарында емес, ал ўәкиллиги бар мәмлекетлик орган тәрепинен арнаўлы ҳуқықый қорғаў ҳүжжети-патент берилген жағдайда ғана усы объектке бола ҳуқықлар күшке енеди хәм қорғалады. Селекция жетискеншиликлерине патент алыў ҳуқықын беретуғын талаплар және де усындай патент бериў тәртиби Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси тәрепинен 1996 жыл 30 августта қабыл етилген “Селекция жетискеншиликлери ҳаққында”ғы Нызам[17] менен белгиленеди.

Нызамның 7 статьясына муўапық, егерде селекция жетискеншилиги жаңалық, өзгешелик бирқыйлылық (уқсаслық) ҳәм турақлылық өлшемлерине жуўап берсе, ҳуқықый жақтан қорғалады. Егерде селекция жетискеншиликериниң тухымгершилик, нәл ямаса нәсил өнимлерине патент бериў ҳаққындағы талапнама тапсырылған күннен баслап Өзбекстан Республикасы аймағында кеминде бир жыл ямаса егер жүзимгершилик, қурылыс, ағашы, декоративлик ағаш, миийўели ағашлар ҳәм тоғай өсимликлерине байланыслы болса, кеминде 6 жыл бурын селекционер оның ҳуқықый мийрасҳоры тәрепинен ямаса оның келисими менен сатылмаған ҳәм пайдаланыў ушын биреўге берилмеген болса жаңалық есапланады. (Нызамның 8-статьясы). Селекция жетискеншилиги талапнама тапсырылған сәнеге шекемги болған басқа ҳәр қандай көпшиликке мәлим селекция жетискенлигинен айырылып турыўы тийис. Усы талаптың мазмуны Нызамның 9-статьясында ашып берилген. Селекция жетискеншилиги көбейтиўдиң өзине тән тәреплерине байланыслы әмелге асырыў мүмкин болған айырым өзгешеликлерди есапқа алған жағдайда, өзиниң белгилери бойынша жеткиликли дәрежеде усаслық, бирқыйлылық, биртүрде болыўы тийис (Нызамның 10 статьясы).  Онын мәниси сонда, мысалы, ғаўашаның

[17] Ўзбекистон Республикасининг янги қонунлари. 14 сон. “Адолат” нашриёти, 1997 й., 72 бет.

жаңа сорты егилгенде өнип шыққан гәллер оннан алынатуғын зүрәәт бойынша барлық сапа көрсеткишлери бирқыйлы болыўы шәрт. Селекция жетискеншиликлери биринши рет көбейтилгеннен кейин, ямаса айрықша цикл бойынша көбейтилген жағдайда, көбейтиўдиң ҳәрбир цикл соңында оның тийкарғы белгилери өзгермей қалса, ол турақлы (констант) есапланады (Нызамның 11 статьясы). Егер селекция жетискеншилигиниң усаслық белгиси бир нәсил әялады ушын бирқыйлы сапа көрсеткишлериниң бар екенлигин аңлатса, турақлылық бул белгилердиң ҳәр бир нәсил әўладында өзгермей сақланып қалыўын аңлатады.

Селекция жетискеншилигине патент бериў ҳаққындағы талапнама селекционер жумыс бериўши ямаса ҳуқықый мийрасхоры тәрепинен патент мекемесине тапсырылады. Селекция жетискеншилигиниң патентке қәбилетлилик өзгешеликлери мәмлекетлик экспертизасы, мәмлекетлик сынаў арқалы анықланады. Селекция жетискеншилигин қорғаўға қабилетлилик белгилерине ылайық болса, патент мекемеси селекция жетискеншилигине патент (гүўалық) бериў ҳаққында қарар қабыл етеди, селекция жетискенлиги Өзбекстан Республикасы селекция жетискеншиликлери мәмлекетлик реестрине киргизиледи. Патент селекция жетискеншилигиниң жаңалық екенлигин ажыратып туратуғынлығын, усаслығын ҳәм турақлылығын, сондай-ақ, патент ийесиниң селекция жетискеншилиги атына, оған ийелик етиўге, оны ийелеўге оннен пайдаланыўға болған ҳуқықын тастыйықлайды[18].

Патент ийесиниң ҳуқықлары селекция жетискеншиликлери дизимге алынғанлығы ҳаққында патент мекемесиниң рәсмий бюллетенинде мағлыўмат жәрияланған күннен баслап, өз күшинде есапланады. Патенттиң өз кушиндеги мүддети 29 жыл, жүзимлер, ағашлар, тоғай өсимликлери ҳәм олардың сабылғанлары ушын 25 жылды қурайлы. Усы мүдде патент ийесиниң өтинишине бола тағы да он жылға созылыўы мүмкин.

---

[18] Оқюлов О. Интеллектуал мулк ҳуқуқий мақомининг назарий ва амалий муаммолари. -Тошкент: ТДЮИ. 2004. – 71-б.

## 6. Селекционерлердиң жеке ҳәм мүлкий ҳуқықлары.

Өзиниң дөретиўшилик мийнети менен өсимликтиң сорты ямаса ҳайўанлардың нәсилин жаратқан (анықлаған ямаса шығарған) физикалық шахс өсимликтиң сорты ямаса ҳайўан нәсилиниң селекционери (авторы) деп есапланады.

Патент мекемесиде патент ийеси болмаған ҳәр бир селекционерге ози жаратқан селекция жетискеншиликлерине бола авторлық ҳүқықын, сондай-ақ селекция жетискенлигинен пайдаланғаны ушын патент ийесинен сыйлық алыў ҳуқықын тастыйықлаўшы селекционер гуўалығын береди.

Патент ийеси болмаған селекция жетискенлигиниң авторы усы селекция жетискенлигинен патент ийеси тәрепинен пайдаланыўда алынға дәраматлардан үлес алыўға, патент басқа шақысқа сатылғанда, селекйия жетискенлигине лицензия берилгени ушын алынатуғын төлемнен ҳақы алыў (сыйлық алыў) ҳуқықына ийе. Бул ҳуқық патенттиң пүткил өз күшинде болған мүддети даўамында әмелге асырылады. (Бул тәртип патенттиң әмел етиў мүддетиниң созылыўына байланыслы да әмелге асырылады). Усындай ҳақы төлеў миннетлемеси селекция жетискеншилигине бола патент иеиниң жуўапкершилигине жүкленеди.

Селекция жетискенлигине авторына (бирликтеги авторларға) төленетуғын ҳақының муғдары ҳәм төлеў шәртлери автор менен патент ийеси ямаса оның ҳуқықый мийрасхоры арасндағы шәртнама тийкарында усындай келисимге ерисилмеген жағдайда суд тәрепинен белгиленеди.

Автордың усы ҳуқықы мүлкий ҳуқық сыпатында мийрас тәртибинде оның өлиминен кейин мийрасхорларға өтеди.

Ҳақы селекция жетискеншилигиниң авторына, оннан пайдаланылған есап бериў дәўири тамам болғаннан кейин ең көби менен алты ай ишинде төленеди. (Нызамның 5-статьясы)[19].

Селекция жетискенлигин дөреткен шахстың авторлық ҳуқықы, селекция жетискенлигине ат бериў ҳуқықы, жеке характердеги ҳуқықлар болып

[19] Ўзбекистон Республикаси Ҳукумати қарорлари тўплами, 2002 йил 17-18-сон.

мүддетли болады ҳәм ҳуқықый жақтан қорғалады. Елекция жетискеншилигине қорғаў ҳүжжетин бериў ҳаққындағы талапнамада қорғаў ҳүжжетинде (патент, гуўалық) селекция жетискеншилиги бойынша дағазаланатуғын барлық материаллардан селекционер-автор өз атының көрсетилиўин талап етиўге ҳақылы.

Селекция жетискенликлерине бола патент ийесиниң ҳуқықы ҳәм миннетлемелери. Селекция жетискеншилигине берилген патент ийесиниң селекция жетискеншилигинен пайдаланыў бойынша абсолют ҳуқықларының көлеми ҳәм мазмуны Нызамның 31 статьясында белгилеп қойылған. Усыған муўапық патент ийеси селекция жетискеншилигинен өз қәлеўине бола пайдаланыўға, басқалардың пайдаланыўына рухсат бериўге ямаса пайдаланыўды қадаған етиўге ҳақылы. ҳәр қандай шахс қорғалып атырған селекция жетискеншилигиниң тухымгершилик, нәл ямаса нәсил материалын: жетистириў ҳәм көбейтиў; егиске қолайлы кондицияға жеткериў; сатыў ушын усыныс етиў; сатыў ҳәм басқа усылда реализациялаў; Өзбекстан Республикасы аймағынан алып шығыў; Өзбекстан Республикасының аймағынан алып кириў ҳуқықына ийе. Жоқарыда көрсетилген мақсетлерде сақлаў ушын патент ийесиниң рухсатын алыўы шәрт. Жоқарыдағы ҳәрекетлер патент ийеси тәрепинен еркин түрде әмелге асырылады.

Патент ийесиниң ҳуқықы оның рухсатысыз хожалық айланысына қатнасықларына киргизилген тухымгершилик ямаса нәсиллик ҳайўанлардан жетистирилген өсимлик материалы ҳәм шарўа өнимлерине боласда қолланылады. Селекция жетискеншиликлерине бола патент ийеси ҳуқықлары ҳәрекет ететуғын барлық жағдайлар Нызамның 31-статьясында өз сәўлелениўин тапқан. Патент ийеси ҳуқықларына бола айырым қашырымлар ҳәм патент ийеси ҳуқықын бузыў деп есапланатуғын жағдайлар Нызамның 32 ҳәм 34 статьяларында белгилеп қойылған[20].

Селекция жетискеншиликлерине бола патент ийесиниң ҳуқықлары төмендеги жағдайларда бийкар етиледи: патенттиң ҳәрекет етиў мүддети

[20] Ўзбекистон Республикаси Ҳукумати қарорлари тўплами, 2002 йил 17-18-сон

питкенде; патент ҳақыйқый емес деп табылғанда (Нызамның 35 статьясы); патент бийкар етилгенде (Нызамның 37 статьясы); патенттен бас тартқанда (Нызамның 38 статьясы); патент ҳәрекет етиў мүддетинен бурын тоқтатылғанда (Нызамның 36 статьясы); патент басқа шахсқа өткерилгенде.

Белгили болғанындай –ақ, өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясында, улыўма пүткил жанлы тәбиятта өзине тән эволюцион процесс өтеди. Бул процесс нәтийжесинде өсимлик ҳәм ҳайўанлардың клетка өзгешелик ҳәм белгилери белгили бир өзгерислерге ушырайды, сол себепли де ПК ның 1094 статьясында селекция жетискеншилиги патентиниң ийеси жуўапкершилигине өсимликтиң тийисли сорты, ҳайўанлардың тийисли нәсили, патент өз күшинде турған мүддет даўамында сорт, нәсил-тийисли мәмлекетлик реестрге дизимге алынған сәнеде дүзилген, оларғабайланыслы рәсмий минезлемеде көрсетилген белгилер сақлап қалынатуғын түринде сақлап миннетлемеси жүклетиледи.

Патент ийеси қәнигелестирилген шөлкемлер мәмлекетлик сорты сынаў мекемеси ямаса мекемесиниң сораўы бойынша қадағалаў сынаўларынан өткериў ушын сортлық тухымларды ямаса нәсиллик материалды жөнелтиў ямаса орнында тексериў ушын имканият жаратып бериўи шәрт (Нызамның 19 статьясы). Селекция жетискеншиликлери уқсаслық (бирқыйлылық) ҳәм турақлылық шәртлерине муўапық келмей қалса бул жағдай Нызамның 37 статьясының 1-бөлими 2-бәнтине байланыслы патентти мүддетинен бурын бийкарлаўға тийкар болады. Селекция жетискеншилигин сақлап қалыў миннетлемеси патент ийеси тәрепинен қалай орынланыўын тексерип турыў ўазыйпасы патент мекемесине ҳәм тийисли мәмлекетлик ведомстволарының жуўапкершилигине, егер патент ийеси патент мекемесиниң өтинишине бола 12 ай ишинде тухымгершилик, нәл, нәсил материалларын, ҳүжжетлер ҳәм мағлыўматларды селекция жетискеншилигиниң өз күшин сақлап қалғанлығын тексериў ушын усынбаған ямаса усы мақсетлерде өз орнында селекция жетискеншилигин тексериў ушын имканият жаратып бермеген болса да патент бийкар етилиўи мүмкин.

## Ж У Ў М А Қ Л А Ў

Питкериў жумысы темасы, мазмуны ҳәм оның шеңберинде алып барылған изертлеў тийкарында төмендеги жуўмақ шығарыў, нызамшылық усынысларын илгери сүриў мүмкин:

1. Жумыстың тийкарғы мазмунын қурайтуғын патентке болған ҳуқық, патентке болған жеке ҳуқықлар түсинигиниң ҳуқықый сыпатламасы берилди. Оған муўапық, патент ийесине интеллектуал мүлкке қарата белгиленген абсалют талап етиў, олардың интеллектуал мүлктен пайдаланыўы, оны ийелик етиўи ҳәм оны бийлик етиўи менен байланыслы жеке мүлкий емес ҳуқықлары жыйындысы патентке болған ҳуқық ҳәм патентке болған жеке ҳуқықлар делинеди.

2. Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 81-статьясына көре, пуқаралық ҳуқықы объектлери түрлери санап өтилген болып, онда тек ойлап табыўлар, санаат үлгилери, илим, әдебият, көркем өнер шығармалары ҳәмде интеллектуал искерликтиң басқа нәтийжелери атап өтилген. Бирақ, тиккелей патент ҳәм оның тийкарында белгиленетуғын патентлик ҳуқық ҳәм жеке ҳуқықлардың бар екенлиги менен байланыслы ҳалда интеллектуал мүлктиң басқа нәтийжелери, мәселен, пуқаралық айланыс қатнасыўшылары, товарлар, жумыслар, хызметлердиң жеке белгилерин билдириўши қураллар, жәрия етилмеген мағлаыўматлар ҳәм басқа объектлер де пуқаралық ҳуқықы объекти болып есапланады. Буннан тысқары, интеллектуал мүлк объектлери тез жетилисип барып, күнделикли турмысымызда олардың жаңа түрлери жүзеге келмекте. Сол тийкарда, пукаралық ҳуқықының объекти сыпатында 81-статьядан "ойлап табыўлар, санаат үлгилери, илим, әдебият, көркем өнер шығармалары ҳәм интеллектуал мүлктиң басқа нәтийжелери" сөзлери алып тасланып, усы объектлер ҳәм оларға теңлестирилген интеллектуал мүлктиң басқа объектлерин улыўмалық түсиник сыпатында "интеллектуал мүлк объектлери" атамасы қолланылса, мақсетке муўапық болар еди.

3. Пикиримизше, Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 97-статьясы атамасы ҳәм усы статьяның мазмуны бир-бирине сәйкес келмейди.

Мысалы, усы статья “Дөретиўшилик искерлик нәтийжелери” деп аталғаны ҳалда онда дөретиўшилик искерлик нәтийжелери болмаған объектлер яғный пуқаралық айланыс қатнасыўшыларының, товарлар, жумыслар ҳәм хызметлердиң жеке белгилерин билдириўши қураллар (фирма аты, товар белгиси, хызмет көрсетиў белгиси ҳәм т.б.)ны сәўлелендиреди.

Әлбетте бул орында усы статьяны “усы объектлер”диң дөретиўшилик искерлик нәтийжелерине теңлестирилгенлигине ишара етип кетеди. Бирақ, “теңлестирилген” объекттиң таза дөретиўшилик искерлик нәтийжеси екенлигин билдирмейди. Соның менен бирге, интеллектуал мүлк объектлери кең түсиник болып, ол интеллектуал искерлик нәтийжелери ҳәм оларға теңлестирилген индивидуалластырыў қуралларын улыўмаластырады.

4. Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 386-статьясы төртинши бөлимине “интеллектуал мүлк алды-сатдысы шәртнамасы”на тийисли нормаларды киритиў керек. Бунда биринши гезекте патент ҳуқықы енгизилетуғын интеллектуал мүлк объектлерине қарата патентлик ҳуқықлардың бир шахстан (патент ҳуқықы ийесинен) екинши шахсқа ҳақы есесине өтиўи дәстүрий алды-сатды дүзилисинен парықлы түрде объекттиң материаллық жыйындысы ҳәм онда аңлатылған идея-билим сатып алыўшыға толық өтиўи итибарға алыныўы тийис.

5. Патентке болған ҳуқықы ҳәм жеке ҳуқықлар енгизилетуғын интеллектуал мүлк объектлери түрлери бир-биринен парықлы өзгешеликлери менен айрықшаланады ҳәм бул өзгешеликлер оларды баҳалаў тәртибине де кескин тәсир етеди. Интеллектуал мүлктиң ҳәр бир объектиниң өзгешеликлеринен келип шығып, интеллектуал мүлктиң белгили бир объектин баҳалаў бойынша өз алдына көрсетпе, методикалық қолланбалар ислеп шығылыўы тийис.

# П А Й Д А Л А Н Ы Л Ғ А Н  Ә Д Е Б И Я Т Л А Р  Д И З И М И

## I. Басшылықлы әдебиятлар:

1. Каримов И.А. Озод ва обод ватан, эркин ва фаровон ҳаёт – пировард мақсадимиз. Т. 8. – Тошкент: Ўзбекистон, 2000. – 528 б.

2. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. –Тошкент: Ўзбекистон, 2005. -96 б.

3. Каримов И.А. Мамлакатни модернизация қилиш ва иқтисодиётимизни барқарор ривожлантириш йўлида. Т.16. –Тошкент: Ўзбекистон, 2008. -368 б.

4. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. –Тошкент: Ўзбекистон, 2009. -56 б.

5. Каримов И.А. Ватанимизнинг босқичма-босқич ва барқарор ривожланишини таъминлаш – бизнинг олий мақсадимиз. Т.17. –Тошкент: Ўзбекистон, 2009. -280 б.

6. Каримов И.А. Асосий вазифамиз – Ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир. –Тошкент: Ўзбекистон, 2010. – 80 б.

7. Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси. // “Халқ сўзи”, 2010 йил 13 ноябрь (№ 220).

8. Каримов И.А. Барча режа ва дастурларимиз Ватанимиз тараққиётини юксалтириш, халқимиз фаровонлигини оширишга хизмат қилади. (2010 йилда мамлакатимизни ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2011 йилга мўлжалланган энг муҳим устувор йўналишларга бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маърузаси). // “Туркистон”, 2011 йил 22 январь, №7 (15437).

## II. Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер:

9. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. -Тошкент: Ўзбекистон, 2003. - 48 б.

10. Ўзбекистон Республикаси Фуқаролик кодекси. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1996 й., 2-сон, 1-модда.
11. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят кодекси. – Тошкент: Адолат, 2004. – 386 б.
12. “Ўзбекистон Республикасида мулкчилик тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикаси 31.10.1990 й. Қонуни. // Ўзбекистон ССЖнинг Олий Кенгаш Ахборотномаси 1990 йил 31-33-сон, 371-модда.
13. “Электрон ҳисоблаш машиналари учун яратилган дастурлар ва маълумотлар базаларининг ҳуқуқий ҳимояси тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 06.05.1994 й. қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгаш Ахборотномаси, 1994 йил 5-сон, 136-модда.
14. “Истеъмолчилар ҳуқуқларини ҳимоя қилиш тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 26.04.1996 й. Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси 1996 йил 5-6-сон, 59-модда
15. “Акциядорлик жамиятлари ва акциядорларнинг хуқуқларини ҳимоя қилиш тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 26.04.1996 й. Қонуни.//Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси 1996 йил 5-6-сон, 61-модда.
16. “Баҳолаш фаолияти тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 19.08.1999 й. қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси, 1999 йил 9-сон, 206-модда.
17. “Интеграл микросхема топологияларини ҳуқуқий муҳофаза қилиш тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 12.05.2001 й. Қонуни.//Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси, 2001 йил 5-сон 87-модда.
18. “Товар белгилари, хизмат кўрсатиш белгилари ва товар келиб чиққан жой номлари тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 30.08.2001 й. Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси 2001 йил 9-10-сон, 178-модда.

19. “Хўжалик ширкатлари тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 06.12.2001 й. Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси 2002 йил 1-сон, 8-модда.
20. “Масъулияти чекланган ҳамда қўшимча масъулиятли жамиятлар тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 06.12.2001 й. Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси 2002 йил 1-сон, 10-модда.
21. “Селекция ютуқлари тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг янги таҳрирдаги (29.08.2002 й.) Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Ҳукумати қарорлари тўплами, 2002 йил 17-18-сон.
22. “Ихтиролар, фойдали моделлар ва саноат намуналари тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг янги таҳрирдаги 29.08.2002 й. Қонуни. // “Халқ сўзи”, 211 (3039)-сон, 2002 йил 1 октябрь.
23. “Хусусий корхона тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 11.12.2003 й. Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2004 йил 3-сон, 28-модда.
24. “Муаллифлик ва турдош ҳуқуклар тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 20.07.2006 й. Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2006 йил, 28-29-сон, 260-модда.
25. “Фирма номлари тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 18.09.2006 й. Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2006 йил, 37-38-сон, 370-модда.
26. “Баҳоловчи ташкилотлар фаолиятини янада такомиллаштириш ва кўрсатилаётган хизматлар сифати учун уларнинг масъулиятини ошириш тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2008 йил 24 апрелдаги ПҚ–843-сонли қарори. // Ўзбекистон Республикасининг қонун ҳужжатлари тўплами, 2008 йил 33-сон, 287-модда.
27. ““Интеллектуал мулк объектларини баҳолаш тартиби тўғрисида”ги Низомни тасдиқлаш ҳақида”ги Ўзбекистон Республикаси Давлат мулкини бошқариш давлат қўмитасининг 2009 йил 22 апрелдаги 01/19-18/08-сонли

қарори ва унга илова сифатида тасдиқланган “Интеллектуал мулк объектларини баҳолаш тартиби тўғрисида”ги Низом. // Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2009 йил 19-20-сон, 241-модда.

**III. Темаға тийисли арнаўлы ҳәм қосымша әдебиятлар:**

28. Баратов М.Х. Давлат мулк ҳуқуқи. –Тошкент: ТДЮИ, 2008. – 148 б.
29. Бобоқулов С.Б. Иқтисодий ислоҳотлар жараёнида ижара шартномасини такомиллаштиришнинг ҳуқуқий муаммолари.-Тошкент: Илм-Зиё,2007.-380 б.
30. Болотин Н. Материальное стимулирование авторов объектов промышленной собственности. // Интеллектуальная собственность. - 1997. - №9-10, -С. 63-67.
31. Варфоломеева Ю.А. Интеллектуальная собственность в условиях инновационного развития: Монография. –М.: Ось-89, 2006. – 218 с.
32. Гаврилов Э.П. Комментарий к Закону об авторском праве и смежных правах. –М.: 1996. -С.214.
33. Гражданское право. Учебник. Часть III. / Под ред. А.П.Сергеева, Ю.К.Толстого. –М.: Проспект,.1998. – 646 с.
34. Гражданское право: В 2 т. Том II. Полутом2: Учебник/Отв.ред.Е.А.Суханов. –М.: БЕК, 2002. – 588 с.
35. Гражданское право.Т.1. / Под. ред. А.П.Сергеева, Ю.К.Толстого. –М.: Проспект, 2003. – 864 с.
36. Гришаев С.П. Интеллектуалная собственность: Учебное пособие. –М.: Юристъ, 2004. – 336 с.
37. Дозорцев В.А. Понятие исключительного права. / Проблемы современного гражданского права: Сборник статей. –М.: Городец, 2000. - С. 281-289.
38. Еременко В.И. ГК РФ и интеллектуальная собственность. Государство и право. 2003. №1, 4-бет.
39. Закиров И. Ўзбекистон Республикасининг фуқаролик ҳуқуқи. Дарслик. –Тошкент: ТДЮИ, 2009. – 611 б.

40. Имомов Н. Селекция ютуқлари интеллектуал мулкнинг ўзига хос объекти. // “Гражданское право Республики Узбекистан за десять лет её независимости”. Тезисы международное научно-практическое конференции. –Тошкент: ТДЮИ, 2002. – С. 342-346.
41. Имомов Н. Селекция ютуқлари бўйича муносабатларни фуқаролик - ҳуқуқий тартибга солиниши. Юрид. фан. номз. дисс. –Тошкент, 2003. – 164 б.
42. Имомов Н. Селекция ютуқлари – савдо муносабатларининг объекти сифатида. // Бозор иқтисодиёти шаротида савдо муносабатларини ҳуқуқий таъминлаш муаммолари мавзусидаги илмий-амалий конференция материаллари тўплами. -Тошкент: ТДЮИ, 2004. -152-155 б.б.
43. Имомов Н.В. Фуқаролик ҳуқуқида муддатлар ва даъво муддати. -Тошкент: ТДЮИ, 2005. -186 б.
44. Оқюлов О. Интеллектуал мулк ҳуқуқий мақомининг назарий ва амалий муаммолари. -Тошкент: ТДЮИ. 2004. 423 б.
45.Оқюлов О. Интеллектуал мулк ҳуқуқи: умумий қоидалар ва алоҳида объектлар. -Тошкент: ТДЮИ. 2003. -206 б.
46. Оқюлов О. Интеллектуал мулк объектлари билан савдо-сотиқни амалга оширишнинг ўзига хос хусусиятлари. / «Бозор иқтисодиёти шароитида савдо муносабатларини ҳуқуқий таъминлаш муаммолари» мавзусидаги илмий-амалий конференция материаллари. –Тошкент: ТДЮИ, 2004. – 33-39-б.б.
47. Пахоменко О., Мухаммаджанов А. Эффективное управление интеллектуальной собственностью - залог успешного развития предприятия. // Экономика и класс собственников. -2004. -№4. -С.40-43.
48. Рахманкулов М.Х. Роль и сущность гражданско-правового договора в условиях рыночной экономики. –Тошкент: Фан, 1994. – 380 с.
49. Раҳмонқулов Ҳ. Ўзбекистон Республикаси Фуқаролик кодексининг биринчи қисмига умумий тавсиф ва шарҳлар. –Тошкент: Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси, 1997. – 504 б.
50. Раҳмонқулов Ҳ.Р. Мажбурият ҳуқуқи. –Тошкент: ТДЮИ, 2005. – 143-б.

51. Румянцева Е.Е. Оценка собственности. – М : ИНФРА-М, 2005. – С. 8-15.
52.Сергеев А.П. Право интеллектуальной собственности РФ. –М.: Проспект, 2000. - 421 с.
53. Фуқаролик ҳуқуқи. II-қисм. / Муаллифлар жамоаси. - Тошкент: Илм-Зиё, 2008. – 558 б.

## IV. Интернет материаллары дереклери :

54. www.mmulk.uz
55. www.norma.uz
56. www.patent.uz
57. www.pravo.vsem.uz
58. www.pravo.ru
59. www.ut.uz